2021

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№42 (780) 2020 анзи 30 декабрь – цæппорсей мæйæ



*Нæуæг, 2021 анз хорискæсæйнаг къæлиндармæ гæсгæ нимад цæуй Гали анзбæл. Гал ба дуйней фулдæр адæмтæмæ дæр нимад цæуй тæккæ хъиамæтгундæр фиртонбæл, адæмæн æновудæй лæггадæгæнæг æма фарнæхæссæг. Æма нæ зæрдæ дарæн, иннæ анз нæ æ фарнæй æнхæстæй ке хайгин кæндзæнæй, уобæл.*

# НÆУÆГ АНЗ НИН ФАРНÆЙ НÆ ЕУГУРЕЙ ЗÆРДИТÆ ДÆР БАРОХС КÆНÆД!..

... Æма бабæй нæмæ æрбахъæрдтæй нæ бæрæгбæнттæн се ’хсицгондæр æма райдзастдæртæй еу – Нæуæг Анз! Æ фæткитæмæ гæсгæ ’й алкедæр фæббæрæг кæнуй æ хеуæнттæ, уæлдай зæрдтагон нин ка ’й, уони хæццæ.

Евгъуд анз ни куд алкæмæндæр, уотæ нæ Фидибæстæн дæр уоййасæбæл æнцон анз нæ адтæй, фал зиндзийнæдтæн бафæразгæй нæ бон иссæй, нæ цардиуагæ цæмæй ма фæккеуа, уобæл байархайун.

Евгъуд анзи нисангонд ци адтæй, уонæй берæ конд æрцудæй, цидæртæ ба нæ бантæстæй, уомæн æма царди рæстæг махæй цурддæр уайуй. Æнхæст кæнун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй. Уомæ гæсгæ ба гъæуама косæн æновудæй æма пайда кæнæн нæ искурдиадæгин адæймæгутæй, цæмæй аразæн хуарз цард нæ бийнонтæн, республикæн æма Уæрæсейæн. Берæ гъуддæгутæ аразгæ ’нцæ адæймаг æхе равгитæй куд пайда кæнуй, уомæй. Куд агъаз кæнуй хеуæнттæн, алли адæймаги цардæн дæр ци аргъ кæнуй, исонибонбæл куд архайуй, искурдиадæгин адæймæгутæн гъæугæ уавæртæ аразгæй.

Иристон æй тухгин бæласæ федар уедæгти хæццæ, кæцитæ нæ дарунцæ аци зæнхæбæл. Еци зæнхæ ба алкæддæр лæвардта æма дæттуй махæн хъауритæ цæрунæн, хуæздæр унæн, уæлахез унæн. Мах, еу бийнонтæ, алкæддæр гъæуама ауодæн æма гъæуай кæнæн нæ кæрæдзей.

Тагъд ралæудзæнæй Нæуæг анз. Еци рæстæг никки хуæздæр балæдæрæн мах еугурæйдæр кæрæдземæ куд хæстæг ан, уой. Райарфæ кæнæн кæрæдземæн, цæмæй нæ уодтæ уонцæ федар, лæдæрундзийнадæ æма фæййагъази, зæрдхæлар æма ауодуни гъуддаги. Хæстæгутæ æма лимæнти агъаз нин дæттуй нифс, кæнуй нæ хъаурæгиндæр, харакет æма тæнзæрдæ.

Нæ зæрдæ уин зæгъуй æнæнездзийнадæ æма амонд! Алли хæдзари дæр уæд берæ цийнаг цаутæ æма хабæрттæ, алли бийнонти уæд лимæндзийнадæ æма фарнæ!

Нæуæг 2021 анзи хуæрзтæй хайгин уæд нæ уарзон Иристон! Сабурдзийнадæ æма дин рохс цард, мæ республикæ!

Нæ хъазар Иристони цæргутæ! Алке хæдзарæй дæр уи игъусæд сувæллони игъæлдзæг худт æма хестæри кувд! Бийнонти амондæй аразгæ ’й нæ республики рохс исонибон æма нин Нæуæг анз еци фарнæй нæ зæрдитæ барæвдауæд!.. Нæуæг анзи хуарзæнхæ уи алкедæр уæд!

Размæ, Иристон! Нæуæг бæрзæндтæмæ æмтухæ æма æмзундæй!



## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 357 СОМИ ÆМА 36 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 315 СОМИ ÆМА 90 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

***Нæ нæуæганзон арфæ: «Нæ Иристони дзиллæ! Нæуæг анзи хуарзæнхæ уæд уæ еугурей дæр! Уæ цард райдзаст уæд цийни хабæрттæй, игъæлдзæгдзийнадтæй, хуарздзийнæдтæй уæ бийнонти фарнæ куд ирæза, уæ кæстæрти арфиаг гъуддæгутæй боз æма сæрустур куд уайтæ!..»***



*Цæгат Иристони хъазар цæргутæ!*
*Мæ хъазар æмзæнхонтæ!*

# ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆЙ, ФАРНÆ ÆМА АМОНДÆЙ РАЙДЗАСТ УÆД УÆ ЦАРДИ АЛЛИ БОН ДÆР!..

## ЦÆГАТ ИРИСТОН-АЛАНИЙ СÆРГЪЛÆУУÆГ БИТАРТИ ВЯЧЕСЛАВИ АРФÆ НÆУÆГ, 2021 АНЗИ ФÆДБÆЛ!..

Нæхстæр кæнуй историмæ 2020 анз. Зæронд анз хумæтæг нæ адтæй, идзаг адтæй мæтæйдзаг устур æма минкъий гъуддæгутæй. Фал, æ сæйрагдæр ба æй – мах нæ еугурдæр еумæ нæ куст идарддæр кодтан, архайдтан, цæмæй нæ сæйраг ихæс æнхæстгонд æрцæуа – не 'мзæнхонти цардиуагæ фæхххуæздæр кæнунбæл.

Мах хъæбæр фæндуй, цæмæй евгъуд анзи еугур дуйнебæл дæр ци незихатт рапарахат æй, уой фæдбæл баст катай æма мæтæ фæстегæй байзайуонцæ.

Нæ зæрдæ федарæй дарæн, цæмæй еци нези нихмæ вакцинæ ка аразуй, уони, уæдта дохтирти, уони хæццæ ба нæ республики дохтирти, кæцитæ зæрдиагæй архайунцæ алли хецæн сæйги дæр æ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл, уони хъиамæттæ устур агъаз фæуувонцæ нæ еумæйаг зинæвзарæнæн, уобæл.

Ес нин евгъуд анзи фæстеугутæй хатдзæгтæ кæнгæй, сæрустур цæмæй уæн, уæхæн фадуат. Арæзт æма игонгонд æрцудæнцæ нæуæг скъолатæ æма сабийти рæвдауæндæнттæ, цæрæн хæдзæрттæ, нæдтæ æма хедтæ. Федæни нæ зæрди ес нæуæг агъазиау туристон спортивон азгъунстити арæзтадæ раизолдæр кæнун, æнхæстгонд цæунцæ цæргутæн æцæг агъази хæццæ баст экономикон æма социалон программитæ.

Цæгат Иристон ахур æма фæллойнæ кæнуй, ирæзунцæ æригон бийнонтæ, гъомбæлгонд цæунцæ сувæллæнттæ, каст цæуй хестæртæмæ, цæстигагуй хузæн гъæуайгонд цæунцæ нæ фидтæлти æгъдæуттæ, республики ци берæнацион адæмихæттитæ цæруй, уони 'хсæн рахастдзийнæдтæ æвæрд æнцæ бæрзонд, æмбæлгæ уагæбæл.

Нæуæг анзи агъоммæ фæткæн байзадæй ести хуарздзийнадæ ниббæлдат кæнунæн. Е гъæуама, æнæмæнгæ, исæнхæст уа æма æрцæуа. Нæ бæллецтæ фиццагидæр баст фæуунцæ нæ хеуæнттæ æма хæстæгути хæццæ, æма мах фæндуй, цæмæй æнæнез уонцæ, цæмæй алли хæдзари дæр уа гъар æма игъæлдзæг, цæмæй фидбилизтæй хизт уонцæ.

Нæуæг анз – хæдзайрон, бийнонти бæрæгбон æй. Фæткæмæ гæсгæ ни алкедæр еци бæрæгбонбæл исæмбæлдзæнæй æ бийнонти 'хсæн, æ зæрдæн хъазар ка 'й, ке тухххæй фæллойнæ кæнæн æма цæрæн, уони хæццæ. Адæймаги хумæтæг амонд уой медæгæ 'й.

Гъæйдæ, мадта Нæуæг анзи бæрæгæхсæви кæрæдземæн зæрдæй разæгъæн æнæнездзийнадæ, хуарздзийнадæ æма амонд, нæ республикæн ба – сабурдзийнадæ æма идарддæри ирæзт.

Хуарзæй дæбæл цæуæд 2021 анз, Цæгат Иристон, уадзæ æма нин æнтæстгин анз куд фæууа, еци хуарздзийнадæ уин зæгъуй мæ зæрдæ уæ еугуремæн дæр, мæ хъазар æмзæнхонтæ!



# ДЗУБАНДИ – БÆСТИ ИДАРДДÆРИ ИРÆЗТБÆЛ

***Уæрæсей Федераций Президент Владимир ПУТИН видеоконференций бастдзийнади фæрци исаразта Паддзахадон Совет æма Стратегион райрæзт æма национ проектти фæдбæл советти еумæйаг æмбурд.***

Дзубандий архайгутæ сæрмагонд æргом раздахтонцæ, «2030 анзи уæнгæ Уæрæсей Федераций райрæзти национ нисанти тухххæй» Уæрæсей Федераций Президенти Указ уагæвæрдтæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ. Куд зонæн, уотемæй 21 декабри Президент Владимир Путин исфедар кодта бæсти Паддзахадон Совети нæуæг искондæ. Нæуæг закъонмæ гæсгæ, Президент разамунд ци структурæн дæттуй, уоми косдзæнæнцæ бæсти премьер-министр, Паддзахадон Думи спикертæ æма Федераций Совети сæрдар, закъонæвæрунадон оргæнти партион фракций раздзæугутæ, регионти сæргълæугутæ, Президенти æнхæстбаргин минæвæрттæ федералон зилдти, паддзахади сæргълæууæги администраций минæвæрттæ, промышленниктæ æма амалгъонти уæрæсейаг Цæдес æма Уæрæсей Федераций Хуæдбарæ профцæдести федераций разамонгутæ.

Фембæлди райдайæни Президент Владимир Путин куд фæннисан кодта, уотемæй Уæрæсей идарддæри социалон-экономикон райрæзти нисантæ æнхæстгæнгæ 'нцæ зин уавæрти, е ба уой тухххæй, æма дуйнебæл коронавируси пандеми ке рапарахат æй, е дæр.

– Нæ бæсти идарддæри размæцудæн уæлдай вазуггиндæр æй нæ размæвæрд нисантæмæ бæрнон æма æдæрсгæй цæун, цæмæй бæсти экономикæ гъомусгиндæр кæна, цæмæй уæрæсейæгти царди æмвæзадæ ирæза. Æма кæд исæвзургæ уавæр аллихузон цæлхдортæ æвæруй, уæддæр размæцуди надбæл еу усмæ дæр æрлæууæн нæййес. Уой хæццæ, læмбунæг гъæуама хигъд цæуонцæ геополитикон, экономикон, технологон æма демографион еугур æууæлтæ дæр, – фæннисан кодта Владимир Путин.

Æ дзубандимæ гæсгæ, Паддзахадон Совети нæуæг искондæ æвæстеуатæй æ куст райдайдзæнæй. Цæмæй идарддæри размæцуди нисантæбæл ахедгæдæр куст цæуа, уомæ сæ цæстæ дардзæнæнцæ Паддзахадон Совети профилон къамистæ дæр. Уонæн разамунд дæтдзæнæнцæ федераций субъектти сæргълæугутæ, уой хæццæ, къамистæ косдзæнæнцæ еудадзугон фæткæмæ гæсгæ.

– Рæстæгæй-рæстæгмæ къамисти кусти архайдзæнæнцæ муниципалитетти разамонгутæ дæр. Еци æууæл бунæттон хеунаффæйади оргæнти разамонгутæн фадуат ратдзæнæй, цæмæй сæ тухстаг фарстатæ комкоммæ æвæронцæ Паддзахадон Совети иуонгти размæ.

2030 анзи уæнгæ экономикæ æма социалон къабæзти бæсти размæ ци нисантæ æвæрд цæуй, уони æнхæст кæнунæн агъаз уодзæнæнцæ сæрмагонд паддзахадон программитæ æма фиццаградон национ проекттæ. Уой хæццæ, Президенти дзубандимæ гæсгæ, райрæзти фарстатæбæл косгæй, фулдæр æргом раздахун гъæуй инфраструктури объектти фиццаградон арæзтадæмæ, экологион фæрнугадæмæ, нимæдзон технологитæмæ...

Президенти Указæй æвæрд национ нисантæ æнхæст кæнуни фæдбæл федералон центр æма регионти æмвæзадæбæл ци куст цæуй, уой тухххæй æмбурди радзубанди кодта Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин. Премьер-министр куд загъта, уотемæй еугур еци куст цæуй сæрмагонд еумæйаг пълани бундорбæл. Президент æ Указ ци нисантæ исæвардта, уонæбæл куст цæудзæнæй къæпхæнгай. Уотæ, хæстæгдæр æртæ анзей дæргъи уæлдæрамунд пълани уагæвæрдтæ æнхæст кæнунæн дехгонд æрцæудзæнæй 39 триллион сомей бæрцæ.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Владимир Путин бæсти Хецауадæ æма регионти сæргълæуугутæн райарфæ кодта, анзи дæргъи зæрдиаг куст ке бакодтонцæ, уой тухххæй. Уой хæццæ, Президенти дзубандимæ гæсгæ, «разæй нæ еугуремæ дæр æнгъæлмæ кæсуй никки ахсгиагдæр æма бæрнондæр куст».

Фембæлди архайдта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Битарти Вячеслав дæр.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ***




# АЦИ АНЗИ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ НИН ÆНЦÆ НИФСДÆТТÆГ ÆМА РАЗÆНГАРДГÆНÆГ

***Раздæр æнзти куд адтæй, уотæ бабæй нур дæр Цæгат Иристони Сæргълæуууæг БИТАРТИ Вячеслав Нæуæг анзи хуæдразмæ исаразта фембæлдтитæ республики хецаудзийнади æма дзилли минæвæртти хæццæ. Æрæги уæхæн фембæлдтитæ Битари-фуртæн адтæй Горæтгæрони, Мæздæги, Кирови, Æрæдони, Алагири, Дигори æма Ирæфи районти минæвæртти хæццæ (раст зæгъгæй, нури санитарон-эпидемиологон тæссаг уавæрмæ гæсгæ, еци фембæлдтитæ арæзт цудæнцæ видеоконференций бастдзийнади фæрци).***

Районти минæвæрттæн Нæуæг анзи агъоммæ арфитæ кæнгæй, республики Сæргълæуууæг радзурдта, 2020 анзи дæргъи республики ци ахсгиаг проекттæ æма программитæбæл куст цудæй, ци вазуггин социалон объекттæ бантæстæй исаразун, уæдта хæстæгдæр рæстæги республики Хецауадæ æма районти разамундти размæ ци бæрнон нисантæ ес, уони туххæй.

Битарти Вячеслави дзубандимæ гæсгæ, кæд коронавируси пандемий æма æндæр хъоргæнæг уавæрти архайун багъудæй, уæддæр Цæгат Иристон разæнгардæй куста фиццаградон национ проекттæ æма сæрмагонд паддзахадон программитæ гъæугæ хузи æнхæст кæнунбæл, республики идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзти мадзæлттæ царди рауадзунбæл.

Районти арæзт æрцудæнцæ нæуæг скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ, фельдшерон-акушерон пункттæ æма æндæр медицинон косæндæнттæ, бундоронæй цалцæггонд цудæнцæ культури хæдзæрттæ, парктæ æма æндæр фæлладуадзæн бунæттæ, донуадзæн хæтæлти системитæ æма автомобилон нæдтæ...

– Социалон-экономикон райрæзти фарстатæбæл косгæй, ахсгиаг æй, цæмæй не 'мзæнхонти цард хуæздæр æма фæрнгундæр кæна, цæмæй алли адæймагæн дæр уа æ гъомус ирддæрæй раргом кæнунæн æмбæлгæ фадуæттæ. Æма еци нисантæбæл дæр ахедгæ куст цæуй, – загъта республики Сæргълæуууæг.

Мæздæги æма Дзæуæгигъæуи нæуæг скъолатæ, Ногир æма Гизæли донуадзæн хæтæлти райарæзт, Черменигъæуи культури Хæдзарæ æма муниципалитетти нæдтæ цалцæггæнæн куститæ, Елхотти æма Комсомольски «Ирæзти тæлмити» фæззинд... Уогæ, фæстаг рæстæги нæмæ ци берæ аллихузон социалон æма културон объекттæ фæззиндтæй, уони еугурæй нимад ка фæуууодзæнæй!..

– Никки устурдæр куст ба нæ еугуремæ дæр æнгъæлмæ кæсуй исонибони. Æма еци нисантæ нæ къохи бафтуйдзæнæнцæ, еумæйаг хъауритæй æма æмвæндæй ку архайæн, айдагъдæр уæд. Уадзæ æма зæронд анз еугур фидбилизтæ дæр æ хæццæ фæххæссæд, цæмæй Нæуæг, 2021 анзи нæ еугуремæн дæр æнтæстгиндæр æма фæрнæйдзагдæр уа, цæмæй нин исуа райдзастдæр, нæ царди фулдæр уонцæ зæрдæхцæуæн цаутæ æма хабæрттæ, цæмæй нин нæ бæрæгбæнттæ исуонцæ æцæгæй цийнаг æма нифсдæттæг, – уæхæн арфитæ нæ республики Сæргълæуууæг ракодта районти минæвæрттæн.

Алли фембæлди кæронбæттæн дæр исфедауидæ æхцæуæн фæткæй – районти фæллойнæгæнгути хуæздæртæн лæвæрд æрцудæнцæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæуууæги Арфи финстæгутæ æма æндæр хуæрзеугутæ.

***Нæ республики Сæргълæуууæги æма Хецауади пресс-службæ***

---

# НÆУÆГ ÆФСÆДДОН ГОСПИТÆЛ

***2020 анзи Дзæуæгигъæуи байгон æй нæуæг æфсæддон берæкъабазгин медицинон центр.***

Уой туххæй фегъосун кодта Уæрæсей Гъæуайкæнуйнади министради пресс-службæ.

«Нæуæг медицинон косæндонæ исцæттæ 'й Уæрæсей Федераций Гъæуайкæнуйнади министради Æфсæддон-арæзтадон комплекси дæлхайæдти хъауритæй», – загъта пресс-служби минæвар. Æ дзубандимæ гæсгæ, госпитæли æвæрд æрцудæй тæккæ нуриккондæр медицинон техникæ æма æндæр ефтонггæрзтæ.

«Медицинон центри исконди косунцæ дууæ хайади – хирургион æма терапевтон, ес си инфекцион æма пульмонологон къæбинеттæ, диагностикæ æма æнæраргъæвгæ медицинон агъази дæлхайæдтæ, уæдта æртасæн лаборатори», – æ дзубанди фæббæлвурддæр кодта пресс-служби минæвар. Центри косунцæ 100




дохтири æма æндæр медицинон специалисттæ.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Гæлиати гъæугæрон ес уæхæн рауæн, кæцими кæддæр гъæубæстæ æрæмбурд кæниуонцæ сæ тиллæг, сæ есбон. Еу фæззæг ку адтæй, уæд кæцæйдæр æрбабурдæй залиаг хелагæ. Еци бунатбæл æртухстæй тæлий хузæн æма æ думæг æ гъæлæси бацавта. Адæмæй имæ уотид хæстæг бацæуун дæр неке æндиудта. Устур мæти бацудæнцæ, зудтонцæ 'й, æстонгæй сæ исæфт ке æрцæуудзæнæй, уой.*

*Уæд разиндтæй еу бæгъатæр лæхъуæн, Хъантемурати муггагæй. Е исфæндæ кодта адæми фидбилизæй фæйййервæзун кæнун. Лæхъуæн гал равгарста, æ цар ин бастъигъта, æхебæл æй искодта, æма 'й уотемæй хормæ сор кæнун байдæдта. Цар лæхъуæни æмбауæр ку иссор æй, уæд æ бæхбæл фæббадтæй æма гæрзефтонгæй хелагæмæ бампурста. Берæ фæттох кодтонцæ, еуафони лæхъуæн исарæхстæй æма æ хъæмайæй ракъуæрдта хелаги сæр. Сæ тох ба цудæй еу цæугæдонмæ хæстæг. Хелагæй уойбæрцæ тог фæццудæй донмæ æма си æнæгъæнæ анз баниуазæн дæр нæ адтæй... Фал цидæр адтæй, уæддæр гæлиатæгти цард æ кеми æрцудæй...*

– Гæлиатæгтæ бæргæ фæйййервазтæнцæ еци тогцъух хелагæй æма сæ есбонадæ нæуæгæй сæхе бацæй. Фал нур махæн, Уæрæсей фæллойнæгæнæг дзиллæн ба ци кæнгæ 'й? Нæ еумæйаг фæллойнæй ци есбонадæ бамбурд æй, уобæл нин еци гæлиатаг хелаги хузæн æфсæйнаг тæлий бадт ка 'ркодта, еци «хелгутæй» кутемæй фæйййервæзæн? Æвæдзи, некæд æма некутемæй, уомæн æма паддзахади цардигъдауи фæткитæ дæр етæ аразунцæ... Еузагъдæй, уæрæдæсгæнæг дæр æма уæрæйдæгæнæг дæр етæ 'нцæ. Мах ба...



**Наталья БЕСТЕМЬЯНОВА, олимпаг чемпионкæ, – æ пенсий туххæй: «Æнæуой, уæдта ма нин президент ке федуй, еци пенситæ ку байеу кæнай, уæд еумæ рауайдзæнæй 85-90 мин соми. Фал мин уоййасæбæл берæ сагъæссæгтæ ес, æма æгириддæр нецæмæн фагæ кæнуй».**

*– Гъенур е, мæгурæг, тæрегъæд нæй?!. Гъæйдæ уотæ бакæнæн, æма сæ пенси 8-12 мини кæмæн æй, етæ ин фæййагъаз кæнæнтæ. Кæдимайди ба фæйййервæзидæ. Мæнæ æцæгæй гъæуагæ ка 'й, етæ ба бабухсдзæнæнцæ – нуриккон хецаудзийнадæ сæ æгæрдæр ма исахур кодта бухсунбæл.*



**Светланæ БЕССАРАБ, Паддзахадон Думи депутат: «Нуриккон Уæрæсей сагъæссагдæр фарстатæй еу æй уарзондзийнадæ. Мах гъæуй нæхе бауарзун. Мах хъæбæр мæнгæгъудигæнагæ адæмихатт ан, кæци уарзуй фæццалх ун хе рабарæ-бабарити, зæгъун æнгъезуй, хекъахæнти... Æма уотемæй еудадзуг гъенцъун кæнæн...»**

*– Ка, фал нæ депутаттæ æма хецаудзийнади бæрзонд бунæтти бадæг чиновниктæ ба сæ фуруарзондзийнадæй æгæрдæр ма æфсес æнцæ. Растдæр зæгъгæй – хеуарзондзийнадæй. Æркæсайтæ сæмæ – цæхуæн уæларвон æнцæ сæ мулкитæ, адæмæн хуæздæр цардиуагæ аразуни туххæй син ци равгитæ лæвæрд цæуй, уонæй дæр пайда кæнунцæ сæхе хуарзæн, уой фæрци гъæздугæй-гъæздугдæр кæнунæн. Сæ гъенцъун ба кæд естæй фæдбæл æй, уæд кæцæй ма ци ратонон, зæгъгæ, айдагъдæр уобæл.*



**Сергей ГЛУШКО (Тарзан), бодибилдер, гъома, нури гиризгаг «аййевæдти» архайæг: «Сæ пенситæ нури уæнгæ куд истонцæ, уотæ сæ нерæнгæ дæр ка есуй, еци нанатæ æма бабатæй уæлдай махмæ ба, артисттæмæ, къапекк дæр не 'фтуйуй...»**

*– Кæд дæ еци нанатæ æма бабати хузæн пенси есун фæндуй, уæд телеуинунади дæ маймулий миутæ кæнун ниуууадзæ, ести пайда ди кæми уа, уæхæн кустади косунмæ бацо æма си дæ къохвæллойнæй бакосæ пенси. Фал кунæг!.. Дæ хъахбайдзийнæдтæй гъæздугути рæвдаугæй цæйбæрцæ æхцатæ бакосдзæнæ, уойбæрцæ хумæтæг пенсиесгутæ сæ фуни дæр нæ фæуууиндзæнæнцæ…*

**НÆ НÆУÆГАНЗОН АРФÆ:** ***«Куд каргундæр кæнæн, уотæ, æвæдзи, Нæуæг анз нин дессæгтæ æрхæсдзæнæй, зæгъгæ, уоййасæбæл нæбал феуæндæн. Фал уи баруагæс уæд: цард æхуæдæг дессаги дессаг æй, æма цийфæнди кари дæр æ дессæгтæй хайгин фæууæн. Æма цард фæткитæй зæрдрохс куд уæн, уæхæн амонд нæ уæд нæуæг, 2021 анзи дæр!»***

# АДÆМ КÆРÆДЗÆЙ КУ УАРЗОНЦÆ, СÆ БÆРÆГБОН ДÆР ИГЪÆЛДЗÆГ УÆД УОДЗÆНÆЙ!..



***Нæ нæуæганзон кувдтитæн сæ сæйрагдæр еу, æвæдзи, исуодзæнæй нæ адæми 'хсæн хæлардзийнадæ, кæрæдзей нимайун, кæрæдзебæл æновуд æма багъæуаги агъазгъон уни туххæй. Æма е раст æй. Нæ рагфидтæлти цардиуаги федауцæдæр фæткитæй нæмæ ка 'рбахъæрдтæй, уони 'хсæн бæрæг дарунцæ цалдæр: кæрæдзебæл æхцулдзийнадæ, иуазæгуарзондзийнадæ, хуæрзæгъдауи цитгиндзийнадæ...***

***Аци менеугутæ цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди адтæнцæ нæ адæммæ, уомæн берæ æвдесæнтæ æрхæссун æнгъезуй. Раст зæгъгæй, еци æгъдаубæл æновуддзийнæдтæ æгæр зулунтæгонд дæр æрцæуиуонцæ. Нæ номдзуд финсæг, публицист æма æхсæнадон архайæг Цæликкати Ахмæт уой туххæй уотæ финста: «Ирон лæг æцæгæлон адæймаги æ хæдзарæмæ æрбахонуй æма 'й хуарз фæууинуй. Æнгъæлетæ, æстонги бафсадуни туххæй? Нæ, æ гъуди бустæги æндæр æй – кæддæр æма кæмидæр æй æ иуазæг растаудзæнæй: Тотраз кенæ Сослæнбеги хæдзари мæ куд дессаг фæууидтонцæ! Кадæбæлмарди фусун...»***

***Уогæ ауæхæн хабæрттæ æстæн уиуонцæ, уомæн æма уæхæн миутæ æгадæбæл нимад адтæнцæ, æма ка циуавæр «иуазæгуарзон» æй, уой адæм зудтонцæ. Еумæ райсгæй ба, иуазæгуарзондзийнади медес адтæй адæймаги зæрдиагæй барæвдаун. Уомæн æвдесæн, мæнæ дæлдæр æрмæгутæ ци цаути фæдбæл мухур кæнæн, етæ.***

## КЪÆНЦИЛАРМÆ

Токати Бига райгурдæй Хонхи Дæргъæвси 1840 анзи. Адтæй рæстæмбес цæрæг лæг, гъæубæстæн уарзон, кæрдзиндæттон, иуазæгуарзагæ, коми нимаддæр лæгтæй еу. Фæццардæй сæдæ анземæй фулдæр, мæлгæ дæр ами ракодта 1944 анзи. Бигай туххæй адæми 'хсæн берæ цæмæдессаг хабæрттæ байзадæй, æма уин уонæй еуей кой ракæнуйнаг ан...

Еу фæззигон бон дууæ изæрей астæу Бига, æ колдуари размæ гъæунги ци дууæ устур гæдибæласи адтæй, уони астæу фæтæн фæйнæгæй æхе къохтæй конд къелабæл бадтæй æма æ фарсбæлдаргæ кардæй цидæр уестæ амадта.

– Де 'зæр хуарз уа, хуарз лæг! – кадæр æ рази ке æрлæудтæй, уой Бига, цалинмæ ин æ загъд нæ райгъуста æма имæ уомæ гæсгæ не 'скастæй, уæдмæ нæ балæдæрдтæй.

– Хуцауи салам дæбæл исæмбæлæд æма дæбæл хуарз изæртæ цæуæнтæ!.. Æрбадæ бал мæ фарсмæ, дæ фæллад исуадзæ, – дзуапп ин равардта Бига.

– Арфиаг уо дæ ездондзийнадæй, фал мæ нæ евдæлуй, тагъд кæнун...

Бига æ бунатæй исистадæй, æнæзонгæ лæгмæ сæрæй къæхтæмæ æркастæй. Æ дзурдихатт ардигон ке нæ адтæй, уомæй æй балæдæрдтæй: фæсхонхаг иуазæг æй...

– Хуарз лæг, ардигæй уотемæй цæуæн нæййес...

– Гъома, куд нæййес?.. Мадта кутемæй цæугæ 'й?.. – дузæрдуг фарст ракодта иуазæг Бигай.

– Мæ фæсте рацо...

– Кумæ мæ кæнис? – бустæги искатай æй мæгур лæг.

– Къæнцилармæ!.. Уоми радзордзæнæ, ка дæ, кæцæй цæуис, кумæ цæуис, цæмæн цæуис æма уотæ идарддæр...

Лæг æ фуртухстæй ма ци фæцайдæ, уой нæбал лæдæрдтæй, лигъстæ кæнун байдæдта:

– Рауадзæ мæ мæ надбæл, неке бахъор кодтон. Гæрр, ирон лæгæн ирон зæнхæбæл цæуни барæ нæбал ес?.. Уоми нæ гурдзи уодхарæй марунцæ, ами ба – хеуæнттæ, ирон адæм...

– Мæ фæсте цо дин зæгъун, берæ ма дзорæ, – еци тингунхузæй загъта Бига æма æ хæдзарæмæ æ разæй бараст æй.

Ци гæнæн ма адтæй бæлццонæн дæр æма æ фæдбæл банæхстæр æй. Медæмæ бахезгæй, хæдзари уавæртæмæ ракæсæ-бакæсæ кæнуй: фарсбæл горцъебæл ауигъд дууæхæтæлон хъримаг, æ еу фарс хъæма, æ иннæ фарс æхсаргард. Къуми дорин пеци уæларт цидæр фицуй, æ хуарз тæф фиййи æсмотæнтæ æхгæдта, уæлдайдæр æстонг лæгæн, раст мæстæй маруни хузæн, пеци рази ба – цæрвцæгъдæн...

Уати ма адтæй тъахтий дæр, æ комкоммæ ба – æртæкъахуг фингæ, æ алливæрсти æртæ къæлæтгин къелай, уотемæй.

Иуазæг дести бацудæй: «Айæ циуавæр къæнцъилари æй?..»

Еци рæстæг уатмæ æрбахизтæй еу силгоймаг, куд рабæрæг æй, уотемæй Бигай цардæмбал Гикка. Æма хæдзари хецаумæ еци дестæгæнгæй дзоруй:

– Дæ мадæ, дæ фиди хатирæй, кæми адтæ?.. Иуазæг – хæдзари, ду ба уайтæккæ цидæр æрбадæ!..

– Иуазæг – Хуцауи иуазæг, – игъæлдзæгхузæй имæ дзоруй Бига, æма имæ дæттуй, уой размæ ци карк равгарста, уой.

Карк райста сæ астæуккаг кизгæ Дзена æма 'й гъуд кæнунмæ февналдта... Цалинмæ карк фунхтæй, уæдмæ Гиккай æртæ къерей дæр рацæттæ 'нцæ. Æхсæвæр ку искодтонцæ, уæд Бига иуазæги фæрсуй:

– Гъенур ба кæнæ дæ хабæрттæ.

– Арфиаг уо дæ цæнхæ, дæ кæрдзинæй, хъæбæр мæ исбоц кодтай. Æз ба ма дес кодтон, айæ циуавæр къæнцилар æй, зæгъгæ, – ходгæй дзоруй иуазæг. – Дæн Дзомагъæй, мæ ном Сосо, Джиккайти Сосо... Гурдзиаг фудгæнгутæ нин сæрди нæ фонс фæттардтонцæ, нæ хæдзæрттæ нин басугътонцæ, хумзæнхитæ ниддæрæн кодтонцæ... Бийнонтæ судæй мæлунцæ, æма хуар исамал кæнуни зæрдтæй рацудтæн, цæун Æрæдонмæ, ме 'рвадтæлтæмæ, кæд мæмæ еуминкъий нартихуарæй фæккæсиуонцæ... Джимарай æфцæгбæл æрхизтæн æма хъæбæр бафæлладтæн...

Уоййадæбæл лæг исистадæй æма æ дзаумæуттæ æмбурд кæнун байдæдта.

– Ци дæ зæрди ес, Сосо, ци фестадтæ? – фæрсуй æй Бига.

– Мæ балций хабар идарддæр, зæгъун, кæнон...

– Е ба куд æй?.. Аци æнафони хуарз фусун æ «цауæйнони» æндæмæ ку нæ ратæрдзæнæй... Æви дæ уой фæндуй, æма мæбæл гъæубæстæ æгади зар искæнонцæ, Бига æ иуазæги æмбесæхсæви расурдта, зæгъгæ?.. Дæ фæллад исуадзæ, сæумæй ба фæууиндзинан... Æхсæвæ Бигай кизгæ Дзена иуазæги дарæс никкæдзос кодта, æ дзабуртæ, цъиндатæ ин нихснадта, иссор сæ кодта...

Сæумæй, сехуар искæнуни фæсте, Бига фæрсуй Сосой: – Уæд дæмæ дзаумауæй ба ци ес, хуар цæми хæсдзæнæ?

– Мæнæ мæмæ хурдзинтæ ес. Фæйнæ пути си цæуй...

Бига фæдздзурдта е 'нсувæри лæхъуæн Газанмæ æма æхе фурт Мурзабегмæ:

– Дууæ голлаги гоммæ радаветæ, еуей си нартихуарæй, инней ба мæнæуæй райдзаг кæнетæ, хурдзинбаст сæ ракæнетæ æма сæ бæхбæл уаргъæвæрд искæнетæ. Сосо, дæ хурдзинтæ рахæссай... Райсетæ сæ æма си еу цæстæ хъæдорæй байдзаг кæнетæ, иннеми ба хуæрдæ-ниуæзтæ фæндаггагæн ниввæретæ. Сосо нифсæрмитæ 'й:

– Бига, уойбæрцæ хуæрзтæ мин цæмæн кæнис?.. Рауагътайсæ мæ мæ надбæл...

– Сосо, мæ хор, иуазæгæн е 'рбацуд æ барæ 'й, æ рацуд ба – фусуни барæ... Цалинмæ ду фестæгæй Æрæдонмæ цæуай, уордигæй ба дæ уаргъи хæццæ Дзомагъмæ, уæдмæ кенæ хæрæг мæлдзæнæй, кенæ ба – æ хецау... Хæссуйнæгтæ мæнæ бæхбæл райвæрдзинан, æма дæ биццеутæ æфцæгмæ – медæг рæбунмæ – бахъæртун кæндзæнæнцæ, уордигæй абони дæ хæдзарæбæл исæмбæлдзæнæ...

– Æма айбæрцæ хæссуйнæгти хæццæ куд уодзæнæн.

– Хæдзарæмæ уæзæ нæййес... Ци фæразай, уой бал фæххæсдзæнæ, иннети ба уоми дорти буни бафснайæ, исон ба сæмæ æрцæудзæнæ æма уони дæр дæ хæдзарæбæл исæмбæлун кæндзæнæ...

– Мурзабег, цæуай æма ниуазæнтæ радавай. Хуцау, табу дæхецæн, сугъзæрийнæбазургин Уасгерги, нæ иуазæг – дæ иуазæг, фæндараст æй кæнæ...

Сосой хæццæ баниуазтонцæ сæ сикъатæ, кæрæдземæн райарфæ кодтонцæ æма Сосо биццеути хæццæ рафардæг æй Джимарай æфцæгмæ...

***САСИАТИ Сергей***

***Аци хабармæ гæсгæ ба ма нæ уой дæр зæгъун фæндуй, æма хумæтæг адæми цардиуаги æгъдæуттæ æма фæткитæ бæрæгæй зиндтæнцæ бæрзонд хецауеуæггæнгути хедаруйнади дæр. Нури рæстæгути уæхæнæй ести хъæбæр-хъæбæр æстæн фæууинæн ес, фал раздæр ба...***

# «ÆЗ ДÆР ИРОН ДÆН, ИРОН»

ÆСТАЙÆЙМАГ æнзти Хъоротæ сæ уæззау сæйгæ фæлластонцæ Мæскумæ сæйгæдонæмæ. Ленини проспекти 10-аг хæдзари медицинон наукон центрæн ци сæйгæдонæ адтæй, уоми имæ зилдæнцæ дохтиртæ, цæттæ 'й кодтонцæ операцимæ. Сæйгæн Иристонæй æ хæццæ ци хеуæнттæ рандæй, етæ кезугай æхсæвæйбонæй адтæнцæ æ уæлгъос

Еуумæхæни къуаремæй тургъи бæлæсти буни къелабæл сæ фæллад уагътонцæ, зæрдибун дзубанди син райеудагъ æй. Минкъий идарддæр бæласи буни бадтæй æ кари лæг, уонæмæ игъосгæй æ медбилти баходидæ. Къуарæй æй кадæр бафеппайдта æма уотæ бакодта: «Цума нин аци хахойлаг ба нæ дзубандитæн ци лæдæруй, æ медбилти ци баходуй?» Уæд æнæзонгæ лæг æ бунатæй исистадæй, æрбацудæй сæмæ æма син уотæ: «Æз дæр ирон дæн, ирон!» Æма базонгæ 'нцæ. Е разиндтæй мæскуйаг ирон Хетæгкати Хетæг. Уордæмæ хæстæг цардæй æма сæйгæдони алливарс ци паркгонд адтæй, уоми бæлæсти буни кæдзос уæлдæфæй рауолæфун уарзта. Сæхемæ сæ зæрдиагæй худта, æма хестæри æфсармæ æрахæста – бабæрæг ин кодтонцæ æ фатер. Хетæгæн адтæй уруссаг усæ, кизгæ æма биццеу. Сæ ирон иуазгутæбæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ. Уоми ирон финги уæлгъос фусун Хетæгкати Хетæг æма иуазгути хестæр Хъороти Гришæн лæмбунæг дзубанди райеудагъ æй. Дууæ цардфæлтæрд адæймагемæн еумæйаг зонгитæ дæр рвзиндтæй. Хетæг æримиста е 'взонги бæнттæ: Мæскумæ куд рафтудæй æма си цæргæ куд байзадæй. Еуæй-еу хатт ибæл е 'нкъарæнтæ зæйи хузæн рацæуиуонцæ, æма æ хъур фехгæнидæ, æ дзубанди фæссабур уидæ, уæдта æ цæстисугтæ æ ростæбæл æргæр-гæр кæниуонцæ. Уомæн ба, гъай-гъай, адтæй рæуонæ.

Цæветтонгæ, Октябри революций нисантæ бахъæрдтæнцæ Иристони хуæнхти цъæстæмæ дæр. Хуæнхæгти зæрдитæмæ дæр бауагътонцæ нифс æма æуумæндундзийнади æнкъарæнтæ. Адæм æригонæй, зæрондæй се 'ргом раздахтонцæ ахурмæ. Гъæуун райдайæн скъола хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст ка фæцæй, етæ райивулдæнцæ будуйрон рауæнтæмæ идарддæр исахур кæнуни фæдбæл. Еци дзамани Нари зилди цæрæг æртæ æмбали, Хетæгкати Хетæг, Кучити æма Хутити лæхъуæнтæ (Гришæ син сæ нæмттæ нæбал гъуди кодта) дæр исфæндæ кодтонцæ сæ ахур райдарддæр кæнун. Сæ гъостæбæл æрцудæй, Мæску æма Ленинградi, дан, косæг скъолатæмæ мæгурти æнцонтæй есунцæ. Уоми си хæстæг кæмттæй ка ахур кодта, уæхæнтти дæр зудтонцæ. Æма Нарæй рабалци кодтонцæ Мæскумæ. Мæгур хуæнхæгти уæледарæс æма къахидарæси, сæ дзæкъолти ирон лæги фæндаггаг – хæссунæн рæуæг æма хуæрунæн адгин – хуæнхаг цихт æма хъæбæрхуари кæрдзин. Цидæр минкъий къапеккити хæццæ – сæ ниййергутæ сæ бийнонти хъурæй ке фелвастонцæ, етæ цанæбæрæг гъæуама адтайуонцæ!.. Фал сæмæ нифс æма размæ цæуни тундзундзийнадæ ба уоййасæбæл устур адтæй, æма нецæмæ зийнадæ кодтонцæ. Æригонмæ царди цæлхдортæбæл рахезун ауæдзитæбæл цæхгæрмæ рауайæгау кæсуй.

Поезди ку рабадтæнцæ æма ку рараст æнцæ, уæд ма уонæй амондгундæр ка 'дтæй!.. Фал сæбæл Мæску, куд æнгъæл адтæнцæ, уотæ зæрдирайæй нæ исæмбалдæй. Уоми дæр адæм сæхе хузæн мæгур адтæнцæ, æцæгæлон син разиндтæнцæ æртæ ирон сæрæнигурди. Еуемæй, сæ уæледарæс æма уиндæй уони хузæн нæ адтæнцæ, иннемæй ба уруссаг æвзаг рæстмæ нæ зудтонцæ. Ахурмæ сæ некумæ райстонцæ. Æма рахау-бахау кæнун байдæдтонцæ æртæ лæхъуæни. Бонæй сæ губуни харзбæл сагъæс кодтонцæ, æхсæвæ ба – æхсæвеуатбæл. Сæ хуæздæр цæрæнбунæттæ иссæнцæ вагзалтæ, парктæ. Гъо, фал тагъд фæуузал уодзæнæй, æма уæд ци кæндзæнæнцæ?.. Гъудитæ, сагъæстæ сæ сæ буни æуурстонцæ, фал уæддæр сæ нифс ба æгириддæр нæ састæй. Æма еуумæхæни сæ зæрдæбæл æрбалæуудтæй, Сталин ирон ке 'й, е. Уæдмæ е иссæй нæ бæсти разамонгутæн сæ сæйрагдæр. Æма лæхъуæнтæ раунаффæ кодтонцæ:

– Цæуæн æма нæ гъæститæ уомæн иронау фæккæнæн. Кæд нæ балæдæридæ, ами ци агорæн, ахур кæнун нæ ке фæндуй, уой…

Æма рараст æнцæ Кремлмæ. Еци рæстæги Советон хецауадæмæ бæсти алли рауæнтæй аллихузон фарстати фæдбæл берæ адæм цудæй. Æма сæмæ æригъосæг дæр адтæй, сæ домæнтæ, сæ курдиæттæ син, куд гæнæн æма амал уидæ, уотæ æнхæст кодтонцæ. Уæд æцæг адæмон хецауадæ бадтæй Кремли æма бунæтти дæр.

Кремлмæ бауагътонцæ æртæ ирон лæхъуæни дæр. Никки ма син сæ фадæварцитæмæ ку æркастæнцæ, уæд ци базонун гъудæй, идардæй ке цæунцæ, уой.

Сталини косæн рауæнмæ бацæуæни размæ уати сæ секретарь бауорæдта æма сæ фæрсуй, кæцæй айтæ, цæмæ имæ цотæ, ци ин зæгъон, зæгъгæ. Фал, уруссагау бустæги æнхæст ке нæ араехстæнцæ, уомæ гæсгæ сæ цуди сæр балæдæрун кæнун нæ фæразтонцæ, æма сæ лæг медæмæ нæ уагъта. Биццеутæ рамæстгун æнцæ, се 'ригон тог рафунхтæй, айуæнгæ æрбахъæрдтан æма нур фæстæмæ раздæхæн, зæгъгæ, æма Сталини косæнуатмæ бампурстонцæ.

Сталин æ секретари æма биццеути æстуф ку райгъуста, уæд æ бунатæй фæгъæпп кодта. Ка 'й зонуй, æ фурдесæй, гъомæ, уотæ карзæй мæмæ ка тундзуй, зæгъгæ. Фал лæхъуæнти хуæнхаг дарæсти ку рауидта, уæд æрсабур æй, æхемæ сæ бакодта. Фал æрбацæугутæ ба уæддæр нæ сабур кодтонцæ: кæрæдземæн дзурди барæ нæ дæттæй, сæ гъаст ин кæнунцæ.

– Барæнайтæ!.. Сабур æма кезугай дзоретæ, куд уæ балæдæрон, уотæ, – лигъзæй сæмæ ивазгæ дзоруй иронау.

Лæхъуæнтæ фæлмæн дзубандимæ æрсабур æнцæ, хеуондзийнадæ си балæдæрдтæнцæ æма ин хеуони дзубандитæ ракодтонцæ. Лæмбунæг сæмæ байгъуста, уæдта æ агъазгæнæггæмæ фæдздзурдта æма сæ уой барæ бакодта, бафæдзахста ин, цæмæй сæ ахурмæ бакæна, уæдта, кæми гъæуама цæронцæ, уæхæн рауæн дæр син амалгонд æрцæуа.

Æма æртемæй дæр изæйрон скъолай ахур кæнун райдæдтонцæ, цæргæ ба кодтонцæ æмдзæрæни. Ахур ку фæцæнцæ, уæд Хетæг æма Кучити лæхъуæн Мæскуй цæргæ байзадæнцæ, Хутити уон ба Иристонмæ исæздахтæй. Хетæг ма каст фæцæй уæлдæр скъола дæр, иссæй инженер. Уæдмæ Устур Фидибæстон тугъд райдæдта, æма тохи будурмæ рандæй. Сæрæгасæй си æрæздахтæй фæстæмæ Мæскумæ. Куста агъазиау заводи бæрнон бунæтти, уæдта рацудæй пенсий.

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма Хетæгкати Хетæг адтæй зундгонд ехсæттæн наутæ «Ленин» æма «Арктикæ»-йи раздæри таурæхъон капитан, Цæгат полюс басгарæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Кучити Юрийи мади хуæрз æнсувæр.



***

*Аци цаутæ нæ газети абони бæрæгбони номери уомæ гæсгæ æримистан, цæмæй сæбæл алкедæр расагъæс кæна æма федарæй исфæндæ кæна нæуæг анзи æ цард зæрдхæлардзийнади фæткæмæ гæсгæ аразун. Æма ни алке дæр уобæл ку архайа, уæд нæ фидтæлти хузæн нæ царди сæр исуодзæнæй фарнæхæссæг æгъдау. Уотæ ма бангъæлетæ, æма уой зæгъуйнаг ан, цума раздæри дзаманти æведауцæ æма рафауйнагæй неци адтæй. Адтæй æма кæстæр хестæрмæ зулун цъухæй исдзоридæ, нæлгоймаг силгоймагæн, силгоймаг ба нæлгоймагæн аккаг кадæ не 'скæнидæ, мадта давгæ дæр æма кæрæдзей маргæ дæр кодтонцæ. Цард цард æй æма си алцидæр æрцæуидæ. Фал нæ фидтæлтæ зундгин уомæй адтæнцæ, æма еци гъæндзийнæдтæ дзæбæх кодтонцæ сæ цæфбæл, цæмæй хуæцгæ нези хузæн ма фæппурхæ адтайуонцæ æнæгъæнæ æхсæнадæбæл!..*

*Гъеуомæй нæ абони бафæнзун гъæуй нæ фидтæлти – æгæр, æгæр нæмæ исберæ 'нцæ илгъæгдзийнæдтæ, кæцитæ нин æгадæ кæнунцæ æма æгудзæг уавæри æвæрунцæ нæ цардарæзт. Уомæй ихæсгин ан, мах, нæ адæми абони фæлтæртæ. Нæ зæрдæбæл æй бадарæн: æгъдау цæуй æфсармæй, æгъдауæй ба – намус. Уомæн æма æгъдау æй царди медес, æма 'й куд арфдæр æнкъарæй, куд рæсугъддæр, медесгундæрæй æй æнхæст кæнæй, уотæ дæ намус кæндзæнæй хъаурæгиндæр. Адæймаг æности нæ цæруй, æности цæрунцæ æ кадæ кенæ æ ходуйнаг. Æма фæрнгун адæймаг ходуйнаги бæсти кади хæццæ рамæлун хуæздæрæн уомæн равзурста. Æ цæуæтæн, æ фæстагæнттæн æ ходуйнаг нæ ниууагъта, фал æ кадæ, æ намус.*

Уадзæ æма нин Нæуæг анз исуа нифсæй,

### ЯНВАРЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1 | 2 | 3 |
| 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### ФЕВРАЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |

### МАРТ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 |
| 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 |
| 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 |
| 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 |
| 29 | 30 | 31 | | | | |

### АПРЕЛЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | 1 | 2 | 3 | 4 |
| 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 |
| 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 |
| 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | |

### МАЙ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 1 | 2 |
| 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 31 | | | | | | |

### ИЮНЬ

| ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 28 | 29 | 30 | | | | |

# Ирон къæлиндар

### ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАРЬ)

Ног азы бæрæгбон – 1 бон – майрæмбоны
Цыппурс – 7 бон – цыппæрæмы
Ног мæрдтæн æртгæнæнтæ – 9 бон – сабаты райсомæй
Бынаты хицауы æхсæв – 12 бон – дыццæджы изæрæй
Ногбоны æхсæв – 13-14 бонты – æртыццæджы изæрæй
Бадæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны изæрæй
Донысkъæфæнтæ – 19 бон – дыццæджы
Фацбадæн – 24 бон – хуыцаубоны

### ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛЬ)

Стыр Нафы бон – 7 бон – хуыцаубоны
Гыццыл Нафы бон – 14 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (Галæргæвдæн хуыцаубон) – 28 бон – хуыцаубоны

### ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТЪИ)

Аларды – 1 бон – къуырисæры
Фыды комбæттæны къуыри – 1-7 бонты
Урсы къуыри – 8-14 бонты
Стыр комбæттæн – 14 бон – хуыцаубоны
Стыр комбæттæны райдайæн – 15 бон – къуырисæры
Тутыртæ – 15, 16, 17 бонты
Рæстæйы бон – 18 бон – цыппæрæмы
Рагон Ирон Ногбон – 21 бон – хуыцаубоны
Хор-хоры бон (Рæмонбон) – 23 бон-дыццæджы
Фыццаг лауызгæнæн – 26 бон – майрæмбоны

### ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛЬ)

Къостайы мысæн бон – 1 бон – цыппæрæмы
Дыккаг лауызгæнæн – 2 бон – майрæмбоны
Астæумархо – 8 бон – цыппæрæмы
Урсы Дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Зазхæссæн – 24 бон – сабаты
Дзимыры Санибa – 25 бон – хуыцаубоны
Горийы Дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 25 бон – хуыцаубоны
Арсайы Уастырджийы бон – 25 бон – хуыцаубоны
Къутугæнæнтæ – 25 бон – хуыцаубоны
Фæлвæра – 27 бон – дыццæджы

### ЗÆРДÆВÆРÆНЫ МÆЙ (МАЙ)

Куадзæн – 2 бон-хуыцаубоны
Мæрдты Куадзæн – 3 бон – къуырисæры
Суаны Уастырджи (Лабæйы) – 6 бон – цыппæрæмы
Тхосты Уастырджийы бон – 6 бон – цыппæрæмы
Цæуæггаг – 6 бон – цыппæрæмы
Таранджелоз (Тырсыгомы) – 6 бон – цыппæрæмы
Бæлдæрæн – 9 бон – хуыцаубоны
Ирон æвзаджы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Касутæ – 16 бон – хуыцаубоны
Зæрдæвæрæн – 27 бон – цыппæрæмы
Згъудеры Уастырджи – 30 бон – хуыцаубоны

### ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮНЬ)

Мыкалгабыртæ – 3 бон – цыппæрæмы
Кæрдæгхæссæн – 6 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Мады Майрæм – 7 бон – къуырисæры
Амаддзаг (Бæтæхъо) – 7 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджи – 9 бон – æртыццæджы
Рекомы бæрæгбон – 12-19 бонты
Дауджытæ – 13 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджи – 15 бон – дыццæджы
Цыргъобау – 20 бон – хуыцаубоны
Мызуры зæд – 20 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 21 бон – къуырисæры

### СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛЬ)

Хетæджы Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Ныхасы Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты авд дзуары бæрæгбон – 4 бон – хуыцаубоны
Дзиры дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 11 бон – хуыцаубоны
Рагъы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 11 бон – хуыцаубоны
Елиа – 12 бон – къуырисæры
Фыры дзуары бон – 12 бон – къуырисæры
Фæроны дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Хуыцауы дзуары бон – 18 бон – хуыцаубоны
Бызы Сау барæг – 20 бон – дыццæджы
Хохы дзуары бон – 21 бон – æртыццæджы
Дыгуры зæды бон – 24 бон – сабаты
Атынæг – 26 бон – хуыцаубоны
Къобы Уастырджийы бон – 25 бон – хуыцаубоны
Атынæг – 25 бон – хуыцаубоны
Сырх дзуары бон – 26 бон – къуырисæры
Таранджелоз – 26 бон – къуырисæры

### МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)

Беслæны Уастырджийы бон – 1 бон – хуыцаубоны
Задæлесчы Нанайы бон – 7 бон – сабаты
Дурджын бæрзонды Уастырджийы бон – 8 бон – хуыцаубоны
Рыны бардуаг (Галзилæн) – 15 бон – хуыцаубоны
Зилгæйы Уастырджийы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Ног дзуары бон – 22 бон – хуыцаубоны
Майрæмы Куадзæн – 28 бон – сабаты
Ирыхъæуы дзуæртты бон – 29 бон – хуыцаубоны

### РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБРЬ)

Беслæн. Номарæн бонтæ – 1, 2, 3 бонтæ
Нары дзуары бон – 1 бон – æртыццæджы
Джеры дзуары бон – 5 бон – хуыцаубоны
Æрджынарæджы фæндагсар Уастырджийы бон – 5 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Аларды – 6 бон – къуырисæры
Фыдыуани (Сосланы куывд) – 12 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Тутыр – 13 бон – къуырисæры
Сидæны Мыкалгабыртæ – 16 бон-цыппæрæмы
Гуццаты дзуары бон – 21 бон – дыццæджы
Мады Майрæмы бон – 21 бон – дыццæджы
Зары Уастырджийы бон – 23 бон – цыппæрæмы

### КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБРЬ)

Дзылаты Уастырджийы бон – 3 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 10 бон – хуыцаубоны
Дыгуры Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – майрæмбоны
Хоры Сæры куывдтæ – 31 бон – хуыцаубоны

### ДЖЕОРГУЫБАЙЫ (ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ) МÆЙ (НОЯБРЬ)

Джеоргуыба (Галæргæвдæн хуыцаубон) – 21 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 22 бон – къуырисæры изæрæй
Уастырджимæ кувæн къуыри – 22 – 28 бонты
Уастырджийыл хи фæдзæхсын – 28 бон – хуыцаубоны
Дзывгъисы Уастырджийы фæдзæхсæн æхсæв – 28 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндараст кæнæн æхсæв – 29 бон – къуырисæры изæрæй

### ЦЫППУРСЫ МÆЙ (ДЕКАБРЬ)

Ныкколайы бæрæгбон – 5 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – сабаты
Ногбоны æхсæв (ног нымадæй) – 31 бон – майрæмбоны изæрæй

*Къæлиндар сарæзтой:*
***ХÆМЫЦАТЫ Раман æмæ***
***КЪОДОТЫ Мельс.***



# Дигорон къæлиндар

| Мæйи бонтæ | Бæрæгбон | Къуæрей медæгæ бæрæгбони | | Бунат, рауæн |
|---|---|---|---|---|
| | | райдайæн | кæрон | |
| **ÆНУСУРИ МÆЙÆ (январь)** | | | | |
| …1 | Нæуæг анзи фиццаг бон | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| 7 | Киристей райгас | Цуппæрæни | Цуппæрæни | Аргъауæнти, хæдзæртти |
| 8 | Æртхорон (Артæмбæрзæн) | 2-аг майрæнбони | Майрæнбони | Хæдзæртти |
| 12-13 | Бундортæ | 2-аг æртиккæгæхсæви | Æртиккæги | Хæдзæртти |
| 13-14 | Нæуæг анз (зæронд нимадæй) | Цуппæрæнизæри | Цуппæрæни | Хæдзæртти |
| 14 | Басилтæ | 2-аг майрæнизæри | Майрæнæхсæви | Хæдзæртти |
| 16-17 | Фонсиуарæн Фæлвæра | 3-аг хуцауæхсæви | Хуцаубони | Устур-Дигори зилди гъæути |
| 17-18 | Бадæнтæ | Авдисæризæри | Авдисæри | Устур-Дигорæ, Къуссу |
| 21 | Согæвæрæн майрæнæхсæвæ | Майрæнæхсæви | Майрæнбони | Устур-Дигори зилди гъæути |
